



## Council on Children and Families

ANDREW M. CUOMO  
Gouvènè

DEBORAH A. BENSON  
Direktè Egzekitif

### OTORIZASYON POU JWENN AK DIVILGE ENFÒMASYON

Non Moun nan \_\_\_\_\_

Dat Li Fèt \_\_\_\_\_

Paran/Responsab Legal \_\_\_\_\_

Adrès \_\_\_\_\_

Nimewo Telefòn/adrès imèl \_\_\_\_\_

Mwen, \_\_\_\_\_, bay otorizasyon pou **Ekri non paran/responsab legal an lèt detache (oswa moun nan si li gen plis pase 18 tan)** Konsèy pou Timoun ak Fanmi (Council on Children and Families) pou yo jwenn ak/oswa divilge enfòmasyon yo montre ki nesèsè ba/nan lòt ajans ak òganizasyon pou yo kapab ede mwen jwenn sèvis ki apwopriye.<sup>1</sup> Mwen rekonèt desizyon pou siyen fòm Otorizasyon sa a se yon desizyon mwen pran avèk volonte mwen epi mwen ka anile Otorizasyon sa a, alekri, nenpòt lòt lè, men anilasyon an p ap aplike pou enfòmasyon yo divilge deja pou bay repons pou Otorizasyon sa a oswa anrapò avèk enfòmasyon yo.

Mwen rekonèt tou enfòmasyon pou yo jwenn ak divilge yo se ka sèten dokiman oswa echanj enfòmasyon, yo ka idantifye nan lòt bò fòm sa a.

Otorizasyon sa a ap ekspire otomatikman yon ane apati dat mwen siyen fòm sa a sof si mwen endike yon dat anvan oswa yon evènman:

\_\_\_\_\_ Presizyon dat oswa evènman oswa kondisyon ki pou fè Otorizasyon sa a ekspire

(kontinye nan lòt bò a)

<sup>1</sup> Dapre Lwa sou Sèvis Sosyal (Social Services Law) § 483-b, Council on Children and Families gen otorizasyon pou travay avèk ajans sante, ajans sèvis sosyal ak ajans edikasyon Eta New York pou asire timoun yo resevwa sèvis ki pi apwopriye pou satisfè bezwen yo. Answit, malgre nenpòt lòt dispozisyon lwa leta nan sa ki kontrè, Konsèy la ka mande nenpòt ajans manm pou soumèt ba Konsèy la epi ajans manm lan ka soumèt, nan limit lwa federal bay pèmision, tout enfòmasyon yo nan fòm alite endike epi nan moman lè Konsèy la ka egzije sa apwopriye pou objektif ak fonksyonman Konsèy la.

Mwen rekonèt mwen ka poze nenpòt kesyon oswa fè nenpòt kòmantè konsènan Otorizasyon sa a. Mwen rekonèt mwen ka refize siyen Otorizasyon sa a epi si mwen refize siyen li sa p ap gen konsekans sou kalifikasyon mwen pou sèvis yo oswa tretman an, men sa ka nuizib pou mwayen Council on Children and Families pou ede mwen.

Mwen rekonèt mwen bay Otorizasyon sa a dapre Lwa sou Ijyèn Mantal (Mental Hygiene Law) § 33.13(c)(7) pou moun ak ajans ki gen yon bezwen yo ka demontre pou enfòmasyon yo, depi yo prevwa divilgasyon enfòmasyon yo p ap nan dezavantaj moun ki endike a oswa yon lòt moun.

Mwen rekonèt nenpòt divilgasyon/piblikasyon dwe annamoni avèk Lwa Federal sou Dwa pou Edikasyon ak Enfòmasyon Prive (Federal Educational Rights and Privacy Act — FERPA) ak règleman asosye li yo ki detèmine divilgasyon dosye edikasyon (20 USC 1232g, 34 CFR Pati 99) ak règleman federal ki detèmine konfidansyalite dosye pasyan konsènan abi alkòl ak dwòg (42 CFR Pati 2). Answit, mwen rekonèt nenpòt divilgasyon/piblikasyon enfòmasyon yo dwe annamoni avèk Lwa 1996 sou Transferabilite ak Responsablite Asirans Sante (Health Insurance Portability and Accountability Act of 1996 — HIPAA) ki detèmine divilgasyon enfòmasyon pèsonèl sou sante (45 CFR Pati 160 ak 164) epi sa vle di tou si yon moun endepandan ki otorize pou resevwa enfòmasyon yo sou sante mwen ak enfòmasyon klinik mwen pa yon pwofesyonèl swen sante oswa si li pa yon plan sante, ki ta gen ladan Council on Children and Families, yo ka re-divilge enfòmasyon yo bay yo, epitou enfòmasyon yo ka pa pwoteje ankò avèk règleman federal sou enfòmasyon prive.

Mwen rekonèt Otorizasyon sa a pa otorize divilgasyon enfòmasyon sou SIDA ak VIH ki detèmine avèk Atik 27-F Lwa sou Sante Piblik (Public Health Law).

Mwen rekonèt Otorizasyon sa a pa ranplase okenn lwa oswa règleman federal oswa lwa oswa règleman Eta New York ki detèmine konfidansyalite dosye yo oswa enfòmasyon yo.

Tanpri endike anba la a nenpòt restriksyon sou enfòmasyon nou ka jwenn oswa divilge: